



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO INISYATIV POU ASIRE KE VIKTIM
VYOLANS DOMESTIK YO ANMEZI POU JWENN PWOTEKSYON ASIRANS SANTE
PANDAN TOUT ANE A**

***Depatman Sèvis Finansye kreye peryòd Enskripsyon Asirans Sante Spesyal pou
ede viktim vyolans domestik yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Konpayi asirans ak HMO yo kap ofri pwoteksyon asirans sante konplè grasa New York State of Health individual marketplace kounye a gen obligasyon pou pèmèt viktim vyolans domestik yo, oswa konjwen abandone, pou enskri nan yon plan asirans a nenpòt kilè nan ane a. Depatman Sèvis Finansye Eta New York te kreye yon nouvo peryòd enskripsyon spesyal sa kap pèmèt moun sa yo enskri a nenpòt kilè andeyò peryòd enskripsyon ouvè anyèl standa 1ye Novanm jiska 31 Janvyè.

"Yo pa ta dwe fòse viktim vyolans domestik yo pou yo gen plis difikilte akòz mank kalite swen asirans sante pou yo menm oswa pitit yo," **te deklare Gouvènè Andrew M. Cuomo.** "Aksyon sa ap ede kraze sik vyolans sa epi ede viktim yo jwenn endepandans ak asistans yo bezwen."

Sipè-entandan pa Entèrim Depatman Sèvis Finansye Maria T. Vullo te deklare, "DFS ap pran aksyon sa pou asire ke viktim vyolans domestik, ansanm avèk konjwen abandone, gen opòtinite pandan tout ane a – pa sèlman pandan peryòd enskripsyon nòmal la – pou enskri pou asirans sante ki nesèsè."

Depatman Sèvis Finansye te bay konpayi asirans ak HMO yo konsèy ki annaprè yo:

- Peryòd enskripsyon spesyal la ap disponib pou pwoteksyon asirans moun andeyò New York State of Health apati 15 Avril 2016 pou nenpòt manm nan yon kay ki se yon viktim vyolans domestik, enkli yon viktim ki depandan e ki pa marye nan kay la, ansanm avèk viktim konjwen abandone, enkli depandan yo.
- Pou aplikasyon ke yo te resevwa nan 15yèm jou nan mwa, pwoteksyon an ap anvigè nan premye jou nan lòt mwa. Pou aplikasyon ke yo te resevwa apre 15yèm jou nan mwa, pwoteksyon asirans lan ta dwe anvigè nan premye jou de mwa apre.
- Konpayi asirans ak HMO yo ka gen ladan swa yon atik sou aplikasyon an oswa

egzije yon deklarasyon separe nan men aplikan kap sètifye kalifikasyon yo pou peryòd enskripsyon spesyal la. Konpayi asirans ak HMO yo pa ta dwe egzije ke aplikan te yon viktim vyolans domestik oswa yon konjwen abandone nan yon peryòd tan spesifye. Konpayi asirans ak HMO yo ka pa mande okenn prèv kalifikasyon oswa aplike egzijans ki twò lou sou aplikan yo kap chèche pou itilize peryòd enskripsyon spesyal la.

Prezidan ak PDG Legal Momentum, Carol Robles Roman te deklare, "Legal Momentum aplodi Gouvènè Cuomo paske li te pran yon aksyon desiziv pou retire obstak ke vyolans domestik ansanm avèk depandan yo anmezi pou jwenn asirans sante kèlkeswa lè yo bezwen l. Vyolans souvan gen konsekans ekonomik ak sante sou sivivan yo. Kenbe asirans sante se yon fason enpòtan pou ede yo."

Direktè Egzekitif Sanctuary for Families Jij Judy Harris Kluger te deklare, "Gouvènè Cuomo rekonèt kijan li esansyèlman enpòtan ke moun kap kite yon relasyon abiziv konnen ke yo ka enskri nan asirans sante – a nenpòt kilè – pou tèt yo, pitit ak depandan yo."

Sean Doolan nan Asosyasyon Blue Cross Blue Shield NY te deklare, "Nou apresye opòtinite pou travay avèk Gouvènè a, DFS ak NYSOH pou kolaborativman devlope yon apwòch pou asire ke viktim vyolans domestik yo benefisye pwoteksyon asirans sante san pwoblèm."

Wap jwenn enfòmasyon anplis sou peryòd enskripsyon spesyal la sou [sitwèb](#) Depatman Sèvis Finansye.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418